

Jogjakarta, 12 Mei 1921.

Koerdjoek
12/5 1921

Serat ingkang moegi koerdjoek ing ngarsanipoen Parentah Kadhipaten Pakoe-Alaman, ing Jogjakarta.

Atas namanipoen Kangdjeng Pangeran Ario Soerjaningrat koelo Soewardi Suryaningrat, atoer oeningo ing ngarsanipoen Parentah, bilih K.P.A. Soerjaningrat kolo ing dhinten Achad, tanggal 8 Mei ingkang kapêngkêr poenika, tindhak datêng Poerwodadi, bawah Semarang, perloe anoewèni wajahipoen R.M. Soeharso (anakipoen R.M. Soerjo Soewarto, djaksa ing Poerwodadi).

Ing sarèhning pangkatipoen waoe sanget kêsêsanipoen, milo mbotên sagêd njoewoen pamit piyambak ing Parentah. Ing woesono koelo ingkang kapoerih pertelo; mbotên langkoeng njoewoen pangak-somo, dhéné radhi kasèb palapoeran koelo waoe.

Bab laminipoen K.P.A. Soerjaningrat wontên ing Poerwodadi waoe, dèrèng sagêd katentokaken, margi anoet madjêng-moendhoering sesakitipoen ingkang wajah, kaseboet ing nginggil waoe.

Inkang ndèrèkaken K.P.A. Soerjaningrat wontên kakalih: R.M. Loe-rah Soerjo Sisworo soho poen Atmosentono, abdhi.

[Handwritten signature]

Hingkang pertelo,

[Handwritten signature]